



Pou Piblikasyon Imedya: 10/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE Y AP LIMEN MONIMAN NYS YO POU KOMEMORE JOUNEN ENTÈNASYONAL DWA MOUN NAN

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse y ap limen moniman yo ble jodi a, 10 desanm 2021, pou komemore Jounen Entènasyonal Dwa Moun nan -- ke yo obsève chak ane nan dat 10 desanm pou komemore adopsyon an 1948 Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun nan. Dokiman enpòtan sa a pwoklame dwa yo pa kapab wete ke tout moun genyen kòm kreyen vivan kèlkeswa ras yo, koulè yo, relijyon yo, sèks yo, lang yo, opinyon politik yo oswa lòt opinyon yo, orijin sosyal yo oswa lòt orijin yo, pwopriyete yo, nesans yo oswa lòt estati yo.

"Eleanor Roosevelt - youn nan pi gran sitwayen nan eta nou an ak yon motè dèyè Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun nan - te di dwa moun kòmanse toupre lakay e mwen dakò ak tout kè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York ap mennen nasyon an nan pwoteksyon dwa moun depi 1945, e kòm Gouvènè, mwen pral garanti eta nou an kontinye jwe wòl limyè espwa pou oprime yo toupitou sou planèt la."

Moniman yo pral limen yo an rekonesans Jounen Entènasyonal Dwa Moun nan se:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Konplèks Olenpik pou Sote Lak Placid (Lake Placid Olympic Jumping Complex)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Empire State Plaza

**Komisè Enterimè Divizyon Dwa Moun (Division of Human Rights) Eta New York la Maria L. Imperial te deklare,** "Tout moun benefisye kreyasyon yon sosyete egalite.

Se pa yon kesyon bay moun yon plas bò tab la. Se yon kesyon bati yon nouvo tab ki ouvè pou tout moun. Divizyon Dwa Moun nan pran angajman garanti bay tout moun ki rete, k ap travay, oswa k ap etidye nan Eta New York menm opòtinite yo."

Moun New York yo kapab jwenn plis enfòmasyon sou Lwa sou Dwa Moun nan (Human Rights Law) oswa yo kapab rapòte patipri ak diskriminasyon lè yo kontakte Divizyon Dwa Moun Eta New York la nan 1-888-392-3644 oswa lè yo ale sou <https://dhr.ny.gov>.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)